ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№135 (23.543) ● 2017 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 19, бзрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Іущ Іащ Сочэ къэрал университетым и ректор Романовэ Галинэ

ЩІыналъэм и унафэщІ КІуэкІуэ Юрийрэ Сочэ къэрал университетым и ректор Романовэ Галинэрэ я зэІуІщІэм нэхъыбэу щытепсэлъыхьащ республикэм щІэныгъэкІэ и зэфІэкІым адэкІи хэгъэхъуэным, Іэщ Іагъэ Іэзэхэр гъэхьэзырыным екъэлІа Іуэхугъуэхэм.

ИДЖЫПСТУ еджапІэ нэхъыщхьэм егъэджэныгъэ Іэмал псомкІи щІэныгъэ щызрагъэгъуэт Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ цІыху 37-м. Нэхъыбэу зыхуеджэхэр - туризмэр, курорт Іуэхур. Университетыр къэрал аккредитацэм пхыкІащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр, къыщыхагъащ зэІуІщІэм, Урысейм и курорт нэхъ цІэрыІуэхэр здэщыІэхэм ящыщ зыщ. 2016 гъэм республикэм зыщапльыхьащ турист мин 420-м щІигъум. Адэкіэ зиужьын папщІэ отраслыр хуэныкъуэщ Іэщ Іагъэлі льэщхэм. Сочэ къэрал университетым долажьэныр абы и льэныкъуэкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ лъэбакъуэщ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

«2017 гъэм икІи 2018, 2019 гъэхэм ятещІыхьа лъэхъэнэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэншэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и бюджетым и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным екъэлІауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «2017 гъэм икІи 2018, 2019 гъэхэм ятещІыхьа лъэхъэнэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэншэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и бюджетым и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным екъэлІауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын, Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Іи ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м
№714-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и языныкъуэ хабзэгъэуэр актэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1.«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и языныкъуэ хабзэгъэуэр актэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын, Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Іи ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м
№718-П-П

2017 гъэм икІи 2018, 2019 гъэхэм ятещІыхьа лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэм пщІэншэу медицинэ дэІэпыкъуныгъэ етыным екъэлІауэ къэрал шэсыпІэхэмкІэ программэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 11-м №129-ПП
Налшык къалэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

2017 гъэм икІи 2018, 2019 гъэхэм ятещІыхьа лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэм пщІэншэу медицинэ дэІэпыкъуныгъэ етыным екъэлІауэ къэрал шэсыпІэхэмкІэ программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2016 гъэм дыгъэгъаззэм и 26-м Унафэ №236-ПП-мкІэ къищтам, мыбы дэщІыгъу зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іи МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2017 гъэм мазаем и 20-м къыдигъэкІа Унафэ №920-ПП-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 11-м №130-ПП
Налшык къалэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

«2017 - 2019 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Гъэсэныгъэ фондым зытрагъэкІуэдэну унэтІыныгъэхэм бюджет ахъшэ хуэхъунущ ыпщынымрэ и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2017 гъэм мазаем и 20-м къыдигъэкІа Унафэ №920-ПП-м мыбы дэщІыгъу зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іи МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 11-м къыдигъэкІа Унафэ №130-мкІэ къащтащ

«2017 - 2019 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Гъэсэныгъэ фондым зытрагъэкІуэдэну унэтІыныгъэхэм бюджет ахъшэ хуэхъунущ ыпщынымрэ и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2017 гъэм мазаем и 20-м къыдигъэкІа Унафэ №920-ПП-м хэлъхьэ

ЗЭХЪУЭКІЫНЫГЪЭХЭР

2017 - 2019 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Гъэсэныгъэ фондым трагъэуцо бюджет ахъшэр зытрагъэкІуэдэну лІэужьыгъуэхэмрэ мылъкур къызыхэкІынумкІэ и І Іыхьэм, къэгъэльэгъуэ унафэмкІэ къащтам, и пунктхэу 10-р, 11-р мыпхуэдэу къэхьын:

«10	Муниципальнэ къэхъуныгъэхэм я бюджетхэм муниципальнэ гъэсэгъэщын папщІэ субсидиехэр етын	243000,000	0,000	243000,000	130000,000	130 000,000
11	Гъэсэгум шынагъэшащэр къыщыщІэсэнэщыныр егъэфІэкІуэныкІэ Іуэхугъуэхэр	47118,435	0,000	47118,435	35000,000	35000,000.»

Аруан щІыналъэм хыхьэ Чёрнэ Речкэ къуажэм и щІыпІэ щхьэхуэхэм мардэ пыухыкІахэр (карантиныр) щхьэщыхьыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

«Ветеринарием и Іуэхукі» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 3.1-нэ статьям икъ иткІэ, Аруан щІыналъэм хыхьэ Чёрнэ Речкэ къуажэм щыщ Іыхьэм хъущхьэрыІуэ уз зыпкърыт псэущхьэ зэрыщымыІэжым хыхэкІыу:

1. Аруан щІыналъэм хыхьэ Чёрнэ Речкэ къуажэм, Новая, Сабадзе, Пролетарская, Весенняя уэрамхэм, къуажэм и ипщэ-къухьэпІэ лъэныкъуэм къыззщІаубыдэ щІыпІэм, псэущхьэхэм хъущхьэрыІуэ уз къеуэлІауэ къызэрыщыщІагъащам къыхэкІыу щагъэзыВауэ щыта мардэ пыухыкІахэр (карантиныр) щхьэщыхьжым.

2. Къару имыІэжу къэлъытэн «Аруан щІыналъэм хыхьэ Чёрнэ Речкэ къуажэм и щІыпІэ щхьэхуэхэм мардэ пыухыкІахэр (карантиныр) щыгъэувыным и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2017 гъэм накъыгъэм и 10-м хыдигъэкІа Унафэ №40-РГ-м.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м
№69-РГ

● Жылагъуэ палатэм

ХъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эхэм топсэлъыхь

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и зэІуІщІэм дыгъуасэ щытепсэлъыхьащ «2009 - 2018 гъэхэм тещІыхьауэ Урысей Федерацэм телерадио Іуэхум зыщегъэужьыным теухуауэ» федеральнэ программэ хэхам хыхьэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и телевиденэр бжыгъэ къэгъэльэгъуэкІэм щытехьэну пІалъэр 2018 гъэм и ІэпэмазищІ зэрыарар. АпщІондэху Іэмэпсымэхэр къэщІэхуным, гъэувыным, лэжьакІуэхэр абы хэм хуегъэджэным и Іуэху зэрахуэнущ. Апхуэдэущ щІыпІэ телевиденэм зегъэужьыным хиубыдэу, 2018 гъэм и ІэпэмазищІ ар сыхьэт 24-кІэ лажьэу зэтрауху эну я мурадщ.

КъБР-м и хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лэжьыгъэм теухуауэ зэІуІщІэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щэнхабзэмрэ, СМИ-мрэ я къудамэм и унафэщІ, Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщ Іэ Мухьэмэд**, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщым и къудэзэ, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Аттаев Жэмал** сымэ. Абыхэм я псалъэм къыхагъэщащ республикэ газетхэмрэ журналхэмрэ, радиомрэ телевиденэмрэ, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэр зы Іуэхущ Іапі эу зэрызэхагъэхьэжам и фІагъ зэрамылъагъур икІи абы теухуа я Іуэху епльыкІэхэр зэІуІщІэм щызэпкърахащ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэм зэдзэрзэзыуэ унафэ ящІащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и ЩІыхь тхылъыр Іуэхущ Іапі эм и аппаратым кадр лэжьыгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІ ТІэш ФатІимэ иратыну.

БАГЪЭТЫР Луиз.

● Ди къуэш республикэхэм

Адыгэ кхъуейм и щІыхькІэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм зыщІыхуагъэхьэзыр шыщхьэуІум и 20-м Адыгэ кхъуейм и махуэ зэрекІуэкІыным. Ар Льагъуэ-ныкъуэ щІыпІэ тельыджэм пэгъунэгъуэ, Щхьэгуащэ псым и Іуфэм деж къыщыкІэзрагъэпэщ.***

ХьэщІэхэр щрагъэблагъэнэщ льэпкъ хабзэм теуІуну пщІантІэхэм. Илъэс къэси хуэдэу, мы махуэм нэхъыщхьэу щытынур адыгэ кхъуей хэхьныкмкІэ зэпеуэрщ.

Махуэшхуэм къекІуэлІэнухэм я нэгу зрагъэужьынущ республикэм и къэфакІуэ, уэрэджыІакІуэ гупхэм, хьэпшып щІыкІуэр, кхъуей, фо, шей, нэгъуэщІхэри щащэну жармыкІэм зыщапльыхьынущ.

Хьэпцій бэв

Республикэм щыІуахыжащ бжыгъэ хьэпцІийр. Нэгъабэ ельытауэ тІэкІу нэхъ мащІэми, ику иту гектар къэс къытрахащ центнер 43-рэ. Псори зэхэту тонн мин 51,3-рэ кърахьэлІэжащ.

АДЫГЭ Республикэм мэкъумэщ ІуэхуэхэмкІэ и министрым зэрыжиІамкІэ, бжыгъэхэз гъэдзыр Іуэхыжри, ику иту гектар къэс къытрах центнер 47,8-рэ. Мы гъэм хьэцэпэщэр щызэщІакъуэж гектар мин 94-м нэблагъэм.

Бард уэрэдхэм я фестиваль

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Щыщхьэ Іуім и 4-7-хэм Домбей посёлкэм щекІуэкІынущ «Горные вершины» фестивалыр. Абы зэхуишэсынущ Урысейм щыщу уэрэд зытххэу 60, зи нэгу зезыгъэужьыну цІыху минхэр.***

МЫ ГЪЭМ фестивалым хэтынущ Ставрополь, Краснодар крайхэм, Кемеровэ, Ростов, Мэзкъуу областхэм, Адыгэ, Кърым, Къэрэшей-Шэрджэс республикхэм къикІынухэр.

Льэпкъ щэнхабзэмкІэ республикэ центрым и унафэщІ Разин Артём зэрыжиІащи, фестивалыр ирагъэкІуэкІ бардхэм я Іуэхур дэІыгъэн, зи щІалэгъуэ уэрэджыІакІуэ зэчиифІэхэр утыку къраушэн папщІэ.

Ныбжьыщ Іэхэм ядоІэпыкъу

Къэрэшей-Шэрджэсым и Усть-Жэгуэтэ районым мы гъэмахуэм пІалъэкІэ пэжыгъэ къыщыхуагъэтащ ныбжьыщІи 100-м нэблагъэм. Абыхэм яхэтщ унагъуэ хуэмыдащІахэм я бынхэри.

БАЛИГЪ мыхъуахэм абыкІэ ядоІэпыкъу районым исхэм лэжьыгъэ къахуэгъуэтыныкмкІэ и центрыр, егъэджэныгъэмкІэ управленэр, щІыпІэм и школхэр. Къапщтэмэ, 2017 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм ныбжьыщІэ 95-рэ лэжьащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Банк Іуэхухэр

СтудентитІыр КъБР-м щыщщ

«Урысейм и ХьумапІэ банк» ПАО-м и Ипщэ-Къухьэпі э банкым Донрэ Кавказ Ищхьэрэмрэ щыщ студент 55-м стипендие хэхахэм я сертификатхэр щратыжащ.

ХЪУМАПІЭ банкым и стипендием хущІэкъуэм я зэпеуэр илъэс къэс ирагъэкІуэкІ. Абы хыхьэ хъунущ курс нэхъыжьхэм щІэсу экономкэ Іэщ Іагъэм хуедж студентхэр.

Зэпеуэм кърикІуам ипкъ иткІэ, ныбжьыщІэ 55-м ХьумапІэ банкым и стипендие хэхахэр ирагъ, 2-р Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщщ.

Къыщыхах зэхьэзэхуэм хэтащ оценкэу балли 4,6-м щІигъу зиІэ студентхэр. Ахэр зэщхьэщыхуаэ зэпеуэд, дерс гугъуэхэм къадэкІуэу, бизнес-экспертхэр я зэфІэкІым кІэлъагъэлІалъащ, банкым и лэжьыгъэм зэрыхащІыкІыр ягъэнэІуащ.

- ХьумапІэ банкым щІэныгъэ Іуэхум мылъку хуэхех. Ар абы и унэтІныгъэ нэхъыщхьащ. Банк лэжьакІуэ хъуну дызыщыгъуэ щІалэгъуалэ зэчиифІэхэр гъэсэным, Іуэху зехьэкІым и щхьэхэм хэгъэгъуэзэным гулъытэшхуэ худощІ, - къыщыхагъащащ Ипщэ-Къухьэпі э банкым и пресс-Іэнатіэм.

Гу зылъытапхъэ:

Ипщэ-Къухьэпі э банкыр «Урысейм и ХьумакІуэ банк» ПАО-м и къудамэщ, къэралым и щІыналъэ пщыкІуэм Іуэхутхьабзэхэр щызэфІегъэкІ. Апхуэдэщ Ростов областыр, Краснодар, Ставрополь крайхэр, Адыгэ, Къалмыкъ, Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр, Осетие Ищхьэрэ - Алание, Ингуш, Шэшэн, Дагъыстэн республикэхэр.

ЦІыху щхьэхуэхэми, Іуэхущ Іапі эхэми, предприятэ лІэужьыгъуэ псоми-бизнес мащІэм щегъэжьауэ федеральнэ мыхьэнэ зиІэ Іэнатіэшхуэхэм я деж щиухьжу Ипщэ-Къухьэпі э банкыр ядолажьэ.

● Пшыхьхэр

КъБКъМУ-р къэзыухэм я махуэ льапІэр

КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым Іэтауэ щагъэлъэпІащ мы гъэм еджапІэ нэхъыщхьэр къэзыуха щІалэгъуалэр.

БАЛИГЪ гъащІэм хэуважэм махуэ льапІэр даІэтыну, ягъэгушхуэну къахуеблэгъат КъБКъМУ-м и ректорыр, институтхэм я унафэщІхэр, факультетхэм я деканхэр, егъэджакІуэхэр, ныбжьыщІэхэм я Іыхьлыхэр, ныбжьэгъуэхэр, республикэм и уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэхэр.

ГуфІэгъуэ зэхьыбэр зытеухуахэм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ КъБКъМУ-м и ректор Апажэ Аслъэн. Абы къыхигъэщащ мы илъэсым я еджапІэр къэзыуухэм пыщІэныгъэ нэхъ быдэ яхуиІэу зэрыщытар, сыту жыпІэмэ 2013 гъэм студентхэр къыщащтэм щыгъуэ ахэр зэрыщІагъэтІысхьэ комиссэм жэуап зыхь и секретару лэжьыгъ, дэтхэнэ зыми нэхъ хуэнабдзагубдзаплъэу къыззрекІуэкІар. Къыхаха Іэщ Іагъэм емыпцІыжу, гъащІэм къахуигъэув къалэн щхьэпэхэр фІыуэ ягъэзащІэу псэуну ныбжьыщІэхэр къыхуриджащ Апажэм.

- Фызэреджа илъэсхэм къриубыдэу егъэджакІуэхэр егуГуну къывдэлэжьащ, щІэныгъэ нэс къыззрывбгъэдалъхьами шэч хэлъхьым, - жиІащ абы. - Догугъэ ди гугъуехьыр мыкІуэдыну, дэтхэнэри фызыпэрыувэну Іэнатіэм фи къару фемыблэжу фыбгъэдэтыну. Студент илъэсхэр фи гъащІэм къыщыхъуа фІыгъуэ нэхъыфІ дыдэхэм ящыщу фигу къинэжыну, университетыр зэрыгушхуэн цІыху къуфхэкІыну дыхуейщ.

ЕджапІэ нэхъыщхьэр къызэраухам и цІыхьэт тхылъыр зратыжхэм яхэтт ар диплом плъыжькІэ къызэыухахэри - абыхэм я бжыгъэр 157-рэ хъурт. Жьыджэру университет гъащІэм зэрыхэтам, ехъулІэныгъэфІхэр зэрызыІэрагъэхьам папщІэ абыхэм фІыщІэ тхылъхэр ирратащ.

ГъащІэм зэрыхэпсэукІын щІэныгъэ, Іэщ Іагъэ къезыта университетым, гугъу закъыдезыгъэхьа егъэджакІуэфІхэм яхуэгъэза фІыщІэ псалъэхэр жаІащ еджапІэр къэзыуухэмэ. Абыхэм къыхагъащащ я Іэщ Іагъэр я псэм фІэфІу къызэрыхахар, льэпкъ Іуэхур ипэкІэ гъэкІуэтэн къалэныр зи пщэ дэлъхэм зэращащыр зыхащІэу, пэжагъ яхэлъу я Іэнатіэр зэрырахьэкІынум щэч къызэрытрамыхьэр.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

НОБЭ

♦Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэм-кІэ и министерствэм и юридическэ Іэнатіэм и махуэщ

♦Тырркумэным щагъэпЪапІэ Гъавэм и махуэр

♦1900 гъэм Париж и метрор къызэІуахащ

♦1903 гъэм льакъуэрыгъажэмкІэ япэ дунейпсо зэпеуэр екІуэкІащ.

♦1918 гъэм РСФСР-м къару щигъуэтащ ятпэ Совет конституцэм.

♦1920 гъэм Урысейм къызщІэзрагъэпэщащ къэралым щІэныгъэншагъэр щыгъэкІуэдыным пыщІа Іуэхуэхэр зэкІэлъыІэсыгъэкІуэну комиссэ.

♦1924 гъэм къыдэкІащ «Красный спорт» (иджы - «Советский спорт») газетым и ятпэ номерыр.

♦1926 гъэм Екатеринослав къалэм и цІэр Днепропетровск жиІэу зэрахъуэжкІащ.

♦1941 гъэм Сталин Иосиф СССР-м зыхъумэжныгъэмкІэ и наркому ягъэуващ.

♦1942 гъэм Къардэн Къубатий Березовскэ щІыналъэм фашист кхъухьлъатитІ къыщирудыхащ.

♦1952 гъэм Финляндием и президент Паасикиви Юхо Хельсинки къыщыззІуихащ XV Гъэмахуэ Олимп джэгухэр. Совет Союзым щыщ спортсменхэр япэу зыхэтар а Олимпиадэрщ.

♦1980 гъэм Москва щыщІидзащ XXII Гъэмахуэ Олимп джэгухэм. Совет-тыдзэхэр Афганистаным зэрырашар хабзэнщагъэу къыззраль ытэр кърырагъэлъагъуэу абы къэкІуатэкъым къэрал 50-м щІигъум я спортсменхэр. СССР-м и командэ къыхэхам абы къыщиІэуэу щытащ медали 195-рэ.

♦1996 гъэм Атлантэ (США) къыщызэІуахащ XXVI Гъэмахуэ Олимпиадэр. Спортсмен нэхъыбэ дыдэ зыхэтар а зэхьэзэхуэхэрщ - цІыху 10744-рэ.

♦Бззэщ Іэныгъэлі, СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и академиемрэ академикэ, Нэгумэ Шорэ и Іэдакъэщ Іакі эр зыджа Мещанинов Иван къызэралъхурэ илъэси 134-рэ ирокъу.

♦ХХ лІэщ Іыгъуэм и усакІуэ нэхъ Іэзэ дыдэхэм хабжэу щыта **Маяковский Владимир** къызэралъхурэ илъэси 124-рэ ирокъу.

♦ХФ-м и цІыхубз артист **Ливанов Василий** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Совет, куржы уэрэджы-Іакіуэ, актёр, кинорежиссёр, Куржым и цІыхубз артист, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Кикабидзе Вахтанг** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Украинэм щыщ бокёр щІэрыІуэ, дунейпсо зэпеуэхэм мызэ-мыІтІу щытекІуа, Киев къалэм и Іэтащхьэ **Кличко Виталий** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Навтым пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 32-рэ, жэщым градус 21 - 23-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Льэпкъ Іущ Іыгъэ:

Ущыджэлэнур пщІэтэмэ, упщІэ бгъэтІылъынт.

● Нэгузыужь

Шэджэм псыкъелъэхэм зыщагъэпсэху

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм и жэрдэмкІэ цІыху 38-м Шэджэм псыкъелъэхэм я нэгу зыщрагъэужьащ. Абыхэм яхэтащ я уэрэдхэмкІэ зыплъыхьакІуэхэм гъэуэгуанэр псынщІэ ящыщщІа Хьэмдэхъу Эльвирэ зи унафэщІ «Ветеран» ансамблым и солистхэр.

ГУПЫМ дыщІыгъуащ «дэІэпыкъуэгъу псынщІэм» и дохутыррэ экскурсоводрэ. Пенсионерхэр кърашэкІащ автобус щабэ зэІуэпэщкІэ.

Зыплъыхьыныгъэр хьэлэмэту икІи гукъинэжу щытащ. Псори арэзы хъуащ: загъэпсэхуащ, Шэджэм псыкъелъэхэм я нэгу зыщрагъэужьащ, жьы къабзэкІэ бэущ. Абыхэм фІыщІэ хуащІащ мы Іуэхугъуэ тепльыджэр къыззыгъэпэщахэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Тхьэзэплъыж Мурат, Бахъсэн къалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Бырхьэм Залинэ, а къалэм и Пенсионерхэм я союзым и пашэ Елмэс Анатолэ, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я Советым и нэхъыжь Абазэ Руслан, щэнхабзэмкІэ къудамэм и унафэщІ Бэч Альберт сымэ.

ТЕМЫР Дисанэ.

● «Архъыз XXI»

БАРИНОВ Игорь: Жылагъуэм и сэбэп зыхэлъхэр жыджэру пхигъэкIын папщIэ, властым нэхъ ткIийуэ депсэлъэфынущ, депсэлъэни хуейщ

«Кавказ Ищхъэрэм лъэпкъ зэхущытыкIэхэр щызэкIэлъыгъэкIэуэныкIэ мыкоммерцэ организацэхэм я зэфIэкIыр къэгъэсэбэпын», - араща зытеухуауэ щытар Лъэпкъ Іуэхуэмкіэ федеральнэ агентствэм и унафэщI Баринов Игорь «Архъыз XXI» Кавказ Ищхъэрэ зэхуэсым и пленар зэIущIэм щищIа докладыр.

И КЪЭПСэЛЪЭныГЪЭР щиублэм абы къыхигъэщащ Кавказ Ищхъэрэр лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр щызэдэпсэу, щэнхабзэ, хабзэ къудыкIейхэр щызэхуэхуэна щIыналъэ гъуэзэджэу зэрыщытыр. Кавказыр дапщэщи зэрылъытэныгъэр щытепщэ, абы щыгъуэми, зэпэщIэтыныгъэхэр къыщыхъуу щIыпIэу къекIуэкIащ. Къэралым щызэтрихьауэ щыта ныкъуасанигъэхэр нэхъыбэу хэIущIыIу щыхъуар Кавказырщ (къапщтэмэ, XX лIэщIыгъуэм и кIэухым).

Экспертхэм къызэралъытэмкIэ, унафэ зытещIыхьыпхъэ Іуэхугъуэхэр куэд мэхъу. Мис ахэр зэфIэтхын хуейщ: «Фэрэ дэрэ ди къалэнщ мыкоммерцэ Іэнатlэхэр зэрыдэтlыгъыну Іэмалхэр, зэгурыIуэу, зэрыщIэу къэрал органхэмрэ ёзы жылагъуэмрэ ахэр зэрадэлэжьэну щIыкIэр зэпкърытхыну».

Баринов Игорь чэнджэщ къыхилъхьащ урысыбзэмрэ Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэмрэ зэрыдаIыгъыну саугъэтхэр ягъэувыну: «Дэтхэнэри къыхуэоджэ зы къэралу, зы лъэпкъыу дыдзэрыщытыр, зы тхыдэ дыдзэриIэр, ди лъапIэныгъэхэмрэ ди хуэпсапIэхэмрэ зэрызэхуэдэр нэгъэсауэ зыхэфщIэну. Жылагъуэм и сэбэп зыхэлъхэр жыджэру пхигъэкIын папщIэ, властым нэхъ ткIийуэ депсэлъэфынущ, депсэлъэни хуейщ. Ауэ зы идеологием дытемыту, дызэкъуэмыту хъунукъым».

ЛИТОВЧЕНКЭ Сергей,
Иджырей Кавказ политикэмкIэ центрым СМИ-хэм пыщIэныгъэ яхуиIэныкIэ и Іэщlагъэлl.

● Гъуэгухэр



Инновацэ IэмалыщIэм и фIыгъэкIэ

Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэм щызэблэкI федеральнэ гъуэгуэр щызэрагъэпэщыжкIэ, битум лентI хэхахэр къагъэсэбэну щIадзэнущ. ЩIыдагъэм елажь урысей Іэщlагъэлlхэм къагупсыса инновацэ Іэмалыщlэм ремонт лэжьыгъэхэм хуэзэр игъэмэщIэнущ, апхуэдэу къагъэщIэрэщIэжа гъуэгу щхьэфэр зэрызезгъэкIуэ пIалъэм хигъэхъэнущ.

ГЪУЭГУ лэжьакIуэхэм къызэралъытэмкIэ, зэпылъэпIэхэр зэрагъэбыдэ битум лентI хэхахэм я фIыгъэкIэ, гъуэгу щхьэфэ къэчахэр хуэдэ зыбжанэкIэ нэхъ псынщIэу яхуэгъэбыдэнущ.

«Кавказ» гъуэгу Іуэхущlапlэ ФКУ-м и унафэщI Лечхаджиев Руслан зэрыжиIамкIэ, асфальт-бетон зэхалъыр гъуэгукIм щытралъхьэкIэ а материалыр къагъэсэбэпынущ. Абы фIагъым щэсыпIэфI кIыхуэзэригъэпэщынущ.

Кавказ Ищхъэрэм и автомобиль гъуэгухэм зегъэужьыныр «Урысейм и автомобиль гъуэгухэр» Іуэхущlапlэм и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

Километр мини 2,6-рэ хъу федеральнэ гъуэгу 13 щIыналъэм кIуэцIрокI (абыхэм я процент 68-р щыIэ пщалъэм кърагъэтIэсащ). Илъэсым кьриубыдэу КИФБЦI-м федеральнэ автомобиль гъуэгуу километр 327-м щIигъу щызэрагъэпэщыжыну, зыхуэИ щыхуагъэзэну я мурадщ.

«Кавказ» гъуэгу Іуэхущlапlэ ФКУ-м и пресс-Іэнатlэ.

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Зэдэлэжьэн, зэдэIэпыкъун - аращ лъэпкъыр къазэрыщыгъэр

Ди газетым зэрытетащи, Налшык къалэ щыIэхэташ ДАХ-м и Гъэзэщlакlуэ гупым и зи чэзу зэIущIэ. Абы кърихьэлIащ Тыркум, Сирием, Иорданием, Израильм, Европэм щыIэ, Краснодар, Ставрополь, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэхэм щылажьэ хасэхэм я тхьэмадэхэмрэ Гъэзэщlакlуэ гупым хэтхэмрэ, ЗэIущIэм кърихьэлIат КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Ахъуэхъу Таймураз, КъБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущlапlэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхуэмкіэ и управленэм и унафэщI КIуэрашын Андзор, ДАХ-м и Нэхъыжьхэм я Советым и тхьэмадэ, тхакIуэ щIэрыIуэ Мэшбащlэ Исхьэкъ, ДАХ-м и Къэзэпщытэ гупым хэтхэр.

Зэдэлэжьэн, зэдэIэпыкъун - аращ лъэпкъыр къазэрыщыгъэр

ЗэIущIэр зэщызэIуихым, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** къызэхуэсахэм ягу кIыгъэкIыжащ Гъэзэщlакlуэ гупым и иужьрей зэIущIэм лъандэрэ зэфIагъэкIахэм ящыщ Іуэхугъуэхэр. Абы къыхигъэщащ «Урысейм ис лъэпкъхэм я сообществэ урысейпсо жылагъуэ зэгурыкIуэныгъэм къызэригъэпэщауэ Евразием хыхьэ Іуэпкъхэм я ассамблеем и ялпэ зэхуэсыншхэ Москва щекIуэкIам Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэри зэрыгъэблагъар. Къэрал 92-м я лIыкIуэу цIыху мини 3-м щIигъу зыхэта Іуэхур мамырыгъэр егъэфIэкIуэным, лъэпкъ зэныбжьыгъуэгъэр гъэбыдэным, зэрызэдэлажьэм зегъэужьыным, ассамблеем и мурадхэр гъащIэм хэпща хъуным теухуауэ зэрызыщытар жиIащ Псоху рокъуэм. Апхуэдэу тхьэмадэр лэжьыгъэ Іуэхуэкіэ хуэзащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Белавенцев Олег. Ахэр тепсэлъыхьащ ди щIыналъэм мамырыгъэмрэ лъэпкъ зэгурыIуэныгъэмрэ щыгъэбыдэным, лъэпкъ, дин зэныкъуэкъуэхэр къэхъункIэ Іэмал зэримыIэм. Гулъытэ хэха хуащIащ щIалэгъуэлэр тэмэму гъэсэныгъэ ахэр егъэлеиныгъэ зыпылъ Іуэхуэхэм дамыхьэхынымрэ теухуауэ щIапхъэм.

Сэхъурокъуэ Хьэутий къулыкъущIэм жриIащ адыгэ лъэпкъым къэгъэщIэрэщIэжыныкIэ абы зегъэужьынымрэ, лъэпкъхэм яку дэлъ мамырыгъэр гъэбыдэныр ДАХ-м зыхуигъэувыж мурад нэхъыщхьэхэм зэращыщыр. Хасэм и тхьэмадэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Жылагъуэ советым зэрыхагъэхьам, абы и ялпэ зэIущIэр зэрекIуэкIам тепсэлъыхьыжащ. Къэщынэмыщlауэ, ДАХ-м и Іуэхущlапlэм щекIуэкIа зэIущIэхэр - щIалэгъуалэ зегъэужьыныгъэхэм я унафэщI ныбжьыщIэхэр зэрызэхуишэсар, Тыркум къикIа гупыр зэрыригъэблагъар, Адыгэ ныпым и махуэр зэрагъэлъэпIар, ЩыгъуэщIэж махуэм зэрыгъэлъэпIуэ зэрекIар къызэхуэсахэм я пащхьэ ирилъхьащ тхьэмадэм.

Гъэзэщlакlуэ гупым хэтхэр япэу зытепсэлъыхьар Сирием щыпсэухэм я Іуэху зытетымрэ Урысей Федерацэм къэпэхъуэжахэм зэрадэIэпыкъымрэщ. Абы теухуауэ къэпсэлъащ ДАХ-м и вице-президент **Бырс секъуэ Орфан**.

- Фэ зэрыфщIэщи, Сирием щекIуэкI зауэр иджыри ужьыхакъым. Ауэ Урысейр Іуэхум зэрыхихьэрэ, ззэауэр нэхъ кIащхъэ хъуащ, цIыхухэм гугъапIэфIхэри яIэщ, ауэ иджыри зэхэуэ щекIуэкI щIыпIэ хэхахэр щыIэщ. Адыгэхэр зыдэса къуажэ 22-м ди лъэпкъгъуэхм иджыри ягъэзэжьыфынукъым. Япэрауэ, я унэхэр якъутащ, яхъунщIащи ущыпсэуну гугъу хъунущ, етIуанэрауэ, иджыри адэмыдзэхэм къыкъоукIри, шынагъуэншэу щытткъым. Псом нэхърэ нэхъыкIэжращи, унилъапси дэмытыжу зэхакъута къуажэхэри яхэтщ, - жиIащ Бырсекъуэм. - Фэ фыщыгъуазэщ, ди лъэпкъгъуэхм я нэхъыбэр Сириерие къэралым зэрикIар. Псом хэмыдзэу щIалэгъуалэр зэбгрокI, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, университетым илъэсищ зэрыщеджэу, армэм даш илъэситху-хыкIэ щыIэну. Іэпхъэшапхъуэхэм мащIэщ яхэтыр Урысейм къэкIуэжыну хуейуэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, зэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэзыгъэзжар унагъуэ 82-рощ. Ахэр унэ къыхуащхэри ягъэтIысыжащ, абы нэмыщI езыр-езыру унагъуэ 19 къэIэпхъуэжащ. УимыгъэгуфIэу къанэркъым къуажэхэм дэтIысхьа ди къуэшхэр гъащIэм хъарзынэу зэрыхэзагъэм, я щхьэ зэрагъэпсэун гъэнэгъуэм ящыщ. Сирием къыкIыжа ди къуэшхэр щIалэ щхьэкIэ сыщыгъуаззи, унафэщIхэм захуэсогъаз. ЗэкIэ ди хэкум щыпсэуну хуиту тхылъ зрата яхэткъым КъШР-м къэIэпхъуэжахэм. Ар занщIэу тхуззэфIэмыкIми, адэжь лъахэм иредгъэжуж хъунукъым. Езыхэм уакIэлъэплъмэ, гъащIэм хъарзынэу хозагъэ, йоджэ, мэпсэу, мэлажьэ, - жиIащ Алий.

АР-м и Адыгэ Хасэм и лIыкIуэу Гъэзэщlакlуэ гупым хэт **ЦIыкIушэ Асльэн** жиIащ Сирием къикIыжахэр Банэхэсрэ (унэ 38-рэ) Махуэхьэблэрэ (унэ 84-рэ) зэрыщетIысхэар. «Ди гуапэ зэрыхъуци, зауи, бани, ефи яхэткъым. Дэтхэнэри зэрыс щIыпIэр зэригъэдэхэным, ишхын къызэрилэжьыным хущIокъу. Дэри, зэрытхузэфIэкIкIэ, ди нэIэ ятедгъэтщ, сабий къалъхуагъащIэм деж щегъэжьауэ гугъуехь гуэр къыкъуэкIмэ, защIыдогъакъуэ», - жиIащ ЦIыкIушэм.

Абы и псалъэхэм къыпищэу, ДАХ-м и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ **Мэшбащlэ Исхьэкъ** и гуапэу жиIащ АР-м и Іэтащхьэу щыта, хьэрычэтыщIэ, псапащIэ Щэумэн Хьэзрэт Банэхэс дэтIысхьэжа унагъуэхэм ярыс щыху къэс сом мини 100 зырыз зэраритар.

- Сэ мызэ-мытIэу сахьащ абыхэм, - жиIащ Мэшбащlэм, - адыгэбзэри хъарзынэу зрагъэщIащ, псэун Іуэху зэрахуэ. КъищынэмыщIауэ, СХЬР-м къина ди къуэшхэми дахуэсакъын хуейщ. Сирием исхэм хъыбар едгъэщIэну си гуапэщ. Щэумэн Хьэзрэт мурад ищIащ абы иджыпсту щыпсэу адыгэхэм хущхъуэ уасэкIэ зэщIигъэкъуэну.

Европэм щыIэ Кавказ Хасэхэм я зэгухэзныгъэм и тхьэмадэ **Дыщэкl Эртан** къэралхэм дахуэлажьэурэ шхын щхьэкIэ дыIэнкъым, ауэ фи фIэщ фщцы, дыхэкIуэдзжынущ. Мыр ди Хасэм и зэфIэкI къудейкIэ зэрымыкIуэтэнур хэт и дежкIи гурыIуэгъэщ, араща, хэкIыпIэ дыигъэлъыхьуэ», - жиIащ Бырсым.

Сирием къикIыжаеу Къэрэшей-Шэрджэсым ис щыIэ 33-м я Іуэху зыIутым тепсэлъыхьащ Шэрджэс Хасэм и тхьэмадэ **Асльэн Алий**.

- Ди Хасэр иджыпсту зэхъущхьэ зыхуэнабдзэгубдзапIэхэм ящыщщ. Сирием къикIыжа ди къуэшхэр. Абыхэм дакIэлъыкIуэ зэпытщ, гугъуехь гуэр яIэмэ, сэ си щхьэкIэ сыщыгъуаззи, унафэщIхэм захуэсогъаз. ЗэкIэ ди хэкум щыпсэуну хуиту тхылъ зрата яхэткъым КъШР-м къэIэпхъуэжахэм. Ар занщIэу тхуззэфIэмыкIми, адэжь лъахэм иредгъэжуж хъунукъым. Езыхэм уакIэлъэплъмэ, гъащIэм хъарзынэу хозагъэ, йоджэ, мэпсэу, мэлажьэ, - жиIащ Алий.

АР-м и Адыгэ Хасэм и лIыкIуэу Гъэзэщlакlуэ гупым хэт **ЦIыкIушэ Асльэн** жиIащ Сирием къикIыжахэр Банэхэсрэ (унэ 38-рэ) Махуэхьэблэрэ (унэ 84-рэ) зэрыщетIысхэар. «Ди гуапэ зэрыхъуци, зауи, бани, ефи яхэткъым. Дэтхэнэри зэрыс щIыпIэр зэригъэдэхэным, ишхын къызэрилэжьыным хущIокъу. Дэри, зэрытхузэфIэкIкIэ, ди нэIэ ятедгъэтщ, сабий къалъхуагъащIэм деж щегъэжьауэ гугъуехь гуэр къыкъуэкIмэ, защIыдогъакъуэ», - жиIащ ЦIыкIушэм.

Абы и псалъэхэм къыпищэу, ДАХ-м и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ **Мэшбащlэ Исхьэкъ** и гуапэу жиIащ АР-м и Іэтащхьэу щыта, хьэрычэтыщIэ, псапащIэ Щэумэн Хьэзрэт Банэхэс дэтIысхьэжа унагъуэхэм ярыс щыху къэс сом мини 100 зырыз зэраритар.

- Сэ мызэ-мытIэу сахьащ абыхэм, - жиIащ Мэшбащlэм, - адыгэбзэри хъарзынэу зрагъэщIащ, псэун Іуэху зэрахуэ. КъищынэмыщIауэ, СХЬР-м къина ди къуэшхэми дахуэсакъын хуейщ. Сирием исхэм хъыбар едгъэщIэну си гуапэщ. Щэумэн Хьэзрэт мурад ищIащ абы иджыпсту щыпсэу адыгэхэм хущхъуэ уасэкIэ зэщIигъэкъуэну.

Европэм щыIэ Кавказ Хасэхэм я зэгухэзныгъэм и тхьэмадэ **Дыщэкl Эртан** зэрыжиIамкIэ, СХЬР-м икIыу Германием кIуахэм я Іуэху къэралым и нэIэм щIэтщ, я нэхъыбэм псэупIэ е ахъшэ ярет. «Ди Хасэм ищIа фондым и ахъшэр нэхъыбэу зытедгъэкIуадэр Сирием къинахэращ. Абыхэм яхэтщ шхын зымыгъуэт. Пэжщ, иджы Германием Іыкъу Іэпрэщей-Шэрджэсым ис щыIэ 33-м я Іуэху зыIутым тепсэлъыхьащ Шэрджэс Хасэм и тхьэмадэ **Асльэн Алий**.

- Ди Хасэр иджыпсту нэхъыщхьэ зыхуэнабдзэгубдзапIэхэм ящыщщ. Сирием къикIыжа ди къуэшхэр. Абыхэм дакIэлъыкIуэ зэпытщ, гугъуехь гуэр яIэмэ, зыхэтIысхьахэм яхэшыпсынкIыу, мыхэр хэкум къетIысэIэжмэ, нэхъыфIщ», - жиIащ Эртан.

Сэхъурокъуэм жиIащ гугъуехь хэтхэм зыщIагъэкъуэн папщIэ иджыри къэрал, республикэ унафэщIхэм зыхуагъэзэну зэрыхъэзырыр. «Унагъуи 100-м нэблагъэ сом мин 500 зырыз еттри, унэ къедгъэщхуащ, ахэр зыхуей хуэзэу тIысыжын щхьэкIэ щIыхьхэм куэд хуащIащ. ИтIани, абыхэм ящыщу унагъуи 6-р Европэм кIуэжащ. Къэшэжьын хуейщ, жывоIэ! Къэтшэжа нэужь псэукIэ тынш къахуэздгъэпэщыфыну пIэрэ, лэжьыгъэ къахуэздгъэтыфыну? Мис аращ гугъуехь зыхэлъыр. 1992 гъэ лъандэрэ цIыху мин бжыгъэ икIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым. Сыт щхьэкIэ? Лэжьыгъэ ягъуэттэкъыми. Унэ зимыIэ куэд исщ ди лъахэм. Сэ гу зылъыввзгъэтэнуращи, къэкIуэжыну къаплъэм гъуэгу еттын хуейщ, ауэ псори къеттшэжьэжыну къздгъэгугъэ жьунукъым, - къыхигъэщащ Ведат.

Адэжь къызэхуэсахэр зытепсэлъыхьар ДАХ-мрэ КАФФЕД-мрэ я унафэщIхэм я зэдэлэжьэкIэрщ. Абы теухуауэ Сэхъурокъуэ Хьэутий жиIащ цIыху щхьэхуэм и щхьэ къурикIуэм щхьэкIэ ДАХ-м и лэжьыгъэр къанэ зэрымыхъунур, абы теухуауэ Хьэгъэндокъуэ Ящар зэрепсэлъар, КАФФЕД-м хэтхэми зэрагурыIуар.

- Илъэс 25-рэ и пэкIэ къагупсыса, кърахьэжьа Іуэхущ мыр. Ди япэ ита нэхъыжьхэм яубзыхуащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм дуней псом щикIуэда адыгэжьр зэригъэIуу Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэн хуейуэ. Нобэ Урысей Федерацэм и хабзэщIэхэм япкъ иткIэ, ДАХ-м и Уставри здгъэзэхуэжащ, къабил ящIащи, абы итыр дгъэзащIэу дыздэвгъэлажьэ, - жиIащ Сэхъурокъуэм.

Мэнэр Ведатэр Урым Баки-Самиррэ жаIащ ДАХ-м хэтхэр къызыхуэтыншэу лэжьэн хуейуэ къызэралъытэр, комитетхэм ящIэр нэрылъагъуу щытын зэрыхуейр, КАФФЕД-м хэтхэм ягу кьеуэр. Абыхэм жаIам нэхъыщхьэу хэлъращи, КАФФЕД-р иужь иткым ДАХ-р икъутэну, зэдэлажьэмэ нэхъ къащтэ.

Бырс Реджаи мыарзэыу къыхигъэщащ хъыбар кърамыгъащIэу, адыгэ Іэхур зэIащIэу къэзыкIуахьэм унафэ тещIыхьэн зэрыуейр. Псалъэм къыдэкIуэу абы жиIащ хэхэсхэм я бжэ адыгэбзэр латин хьэрфыпкъым тегъэхьэн хуейуэ жаIэу ди университетым и лIыкIуэхэр Тыркум зэрыкIуэр, абы зэгурымыIуэныгъэ къихьэнкIэ зэрыхъунум къыхэкIкIэ, унафэ зэрытещIыхьыпхъэр. Реджаи къыхигъэщахэм ящыщщ хэкум сабийхэр ирашурэ Тыркур ирагъэлъагъун, я нэгу зрагъэужьын мурадкIэ мыдрисэхэм, мэжджытхэм зэращэр, диным и лIэужьыгъуэ гуэркIи драгъэхьэну хущIокъу гуэркIэ зэрыщыIэр, абы хуэсакъын зэрыхуейр. Израильм къикIа лIыкIуэ **Тхьэхуъуэ Зухьер** жиIащ диным теухыгъыным, абы ныжьыщIэхэр пэIащIэ щIын зэрыхуэмейр, Кфар-Камэ, Рихьэние кIуэхэри мэжджытыщхуэхэм зэращэр. «Нагъэщ! Іуэхущ - террорист, вахабит ящыну зэлэжьхэр», - дыщIыгъуащ абы.

ЖаIахэм и жэуапу, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщlэ Мухьэмэд** зэрымыарэзыр къыхигъэщащ.

- Сэ сфIы дыдзэу щыIагъуаззщ Тыркум зыгъэпсэхуакIуэ, зыплъыхьакIуэ яшэ сабийхэм я Іуэху зыIутым, социыхуэ ахэр езыгъэблагъэри, сощIэ я мурадхэри. Сэ Бурсэ щыIэ Хасэм зэгурыIуэныгъэ есщIыIлIри, кьэфакIуэ ансамблхэм хэт цIыкIуэхэр ильэс зыбжанэкIэ згъэкIуащ, журналистхэрэ ящIыгъуу. Фестивалхэм дахэу зэрыхэтари, зыщапIыхьахэри, махуэ бжыгъэр зэрагъэкIуари ди журналистхэм ятхыжурэ газетми къытеддзэжащ. Адыгейми Хасэрэшей-Шэрджэсми щыщхэр нашэри зрагъэпIыхьэ, ягъафIэ, адыгэ щэнхабзэр дахэу яIэту зэхэтщ! Адыгэбзэ зыщIэ, зэхэфхIам, уэрэд жыIэкIам хуэIэзэ защIэщ нэдгъэкIуар. Ар Сирием, Иорданием, Европэм къикIа адыгэ щIэблэм я гъусэу щыIэщи, сэбэпынагъ куэд къызэригъэшэнум сэ шэч къытесхьэркъым, - жиIащ Хьэфыщlэм.

ЛъэныкъуитIри зэгурыIуащ зэрымыщIэу зэкIэлъыкIуэ адыгэхэм яхэтын зэрыхуэмеймкIэ, езыгъэблагъэхэм я пщIэр ёбудых зэрымыхъунумкIэ, щхьэж хуэзфIэкIыр ищIэу зэдзлэжьэнымкIэ.

Лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ махуэхэр - Кавказ зэзэуэ зэриухэр ильэси 153-рэ зэрырикъум екъэлIа Іуэхугъуэхэр КъБР-м, КъШР-м, АР-м зэрыщекIуэкIам тепсэлъыхьыжащ **Хьэфыщlэ Мухьэмэд, Асльэн Алий, ЦIыкIушэ Асльэн** сымэ, апхуэдэуи Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэмрэ Адыгэшым и дунейпсо махуэмрэ 2017 гъэм зэрыщекIуэкIынум и программэм теухуауэ я гупсысэхэр къаIуэтащ.

НЭЩIэПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Усэхэр

ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ

Адыгэ пшынэ

Адыгэ пшынэ, уи Іэпэ дыщэм
Къыпыщ макъамэр гущхьэм тощащэ,
Уэзрощэщыр зигъазэу гущІэм,
Щауэм лэгъунэм щІишамэ пщащэр.

ЩитІагъэм пщащэм фащэ дахащэр,
Къыбош макъамэр, си псэм къыхэпшу,
Уэ бдесхьэкІынущ схухиха гъащІэр,
Сыбдэуэсинкіэ зикІ зызмыгъэнщІу.

Уэ зырщ щыгъуазэр гум дыхьэ лъагъуэм,
Уемызэшыжу укъызоубзэ.
Сэ къызжиІэфыр уэ уи зы гъуагъуэм
КъыхуэІуэтэну щымыІэ зы бзэ.

* * *

Адыгэ фащэ щыстІэгъауэ,
Нэхущым щэхуу сыхыхьауэ,
Уэпх шыІэхъар къызэпхъхауэ,
Жьым тхьэмпэ гъуэжь къызнипхъхауэ,
Пшынауэ-уафэр кьэлъэхъшауэ,
Къафакъуэ-жыгхэр къыдашауэ,
Сыхуапэжауэ бжьыхьэ-щауэм
СопщІыхь, сымыщІэу сэ нэху щауэ.

Бжьыхьэ

Гъуэгу псыфым тхьэмпэ гъуэжь тепхъащ,
Зэхэтщ жыг щІанэхэр кІэкуакуэу.
Жьы уаер къэсри къызэпхъащ,
Плъыжьыбзэу къысхуилащ си нэкІур.

Къуаргъыжьхэм уафэр яуфэбгъуащ,
Цыджан фызышІэу зэрызехьэу.
Уэпх щІыІэр си пкъым къысфІепхъуащ,
Макъ щэхукІэ си псэр игъэпихьэу.

ИтІани си гуи емыбгъа,
Гукъани хуэзмыщІа мы бжьыхьэм, -
Насып дыщэпс къытрипхъащ
Езым и плъыфэу схунла си щхьэм.

ЩІымахуэ нысашэ

ЗыщызмыгъэнщІу къызоплъыхь
си хьуреягъыр, -
Дахащэщ зи нысашэ мы дунейр,
Уэс хужьыр нэчыхьытх фащэу зыщетІагъэ,
Къэсащи и псэлъыхьуу щІыІэ уейр.

ЩІым къепсыхащи борэн-бжьамиящэр,
Хьэджэгур ещІыр къэжэна гъуэжькуийм.
И макъ зрегъэлъэщІ джэгуакІуэ-жьапщэм,
Бэрэбан папщІэу тоухь тафэ къуийм.

СхуэгъэщІэгъуэжкъым дунейм и
дахагъэр...
Мы нэм къиплъысым сытыр къыпэхъун?!
Псэм зыхищІэхукІэ мыпхуэдэ къабзагъэ,
Сэ, сощІэ, насыпыншэ сымыхъун!

Ныбгъуэхьэш

I

Уи пэшыр ныбгъуэхьэщ,
Дамэншэу ущызоуэ.
Уи пІэкум исыр зэщ,
Нэщхъ фІыщІэкІэ къозауэу.

ПЛІанэпэ къэскІэ къуэсщ
БлэкІар, щхьафІэх-лІыкІыу...
Уи гущІэм щосыр уэс,
Псэ Іуфэр Іунгъэщтыкіыу.

Щхьэгъубжэр уи нэджыджщ, -
Къытещыр жэщ щыхьышншэщ.
Хьэуа жьэдэпшэр дыджщ,
ПфІыщэригъалъэу фІыншэр.

... БлэкІари къыпщІохьэж,
КъыпфІэщІми къимыгъазэу...
Уи пэшыр ныбгъуэхьэщ,
ИмыІэу дамэдазэ.

II

Дауц нэщхъейр щытепщэ пэшым
Пкъы псыгъуэ псэпшэм зыщегъэшыр,
И мывэ-щхьэнтэм зрегъэщІри,
ФІощІ щыІыхькІэ пэщІэтын гухэщІым.

Ауэ гупсысэ-псыпщІэ дыджым
ИрегъэпІъэжьыр и нэджыджым,
И гущхьэм пхокІри джатэ пащІэу,
ГукъэкІыж-дэпым хешэ хьапщІэу.

Псыбыбу лъэгур щІисыкІами,
И гъунэм банэ есэкІами,
ЩІынасыпыфІэщ ар а лъахэм, -
ГукъэкІыж Іэфіхэр щызэблахым,

Гухэлъкіэ бзухэр щыбзэрабзэм,
Псынэпсу псэ къыщыхуэкъабзэм,
Щхьэзакъуэныгъэм щыпэІэщІэм...
Иджы мэкІуэжыр абы хьэщІэу.

МэкІуэжри хьэщІэу... къегъэзэжыр
Дауц нэщхъейр щытепщэ пэшым.

Бжьыныфэ

И напэр хуэдэщи бжьыныфэм,
Фэ зэмыфэгъуу зэтопщІыкІ.
Букъэбзыхункіи нэр ирифу,
Бзаджагъэ сырым пфІыщІесыкІ.

ИтІани фэхэр къытызохыр,
КъысфІэщІу НАПЭМ сынэсын...
Псэ фІейм и щІыкъатиблым сохыр, -
ЩІы фІыщІэм уафэ къыщІэпхын?!

Бжьыныфэ-напэр щызукъэбзым,
Къэнакъым зыри - ар кунэфт.
Ямылъагъужу дуней къабзэр,
ИхъуреягъкІэ щытхэр нэфт.

КІэкъинэ

СызыукІыр кІэкъинэрщ, -
И щІэм щІэлъыр сфІэщІати фошыгъуу,
Мыгъуэ Іусу Іум кьинэурэ шыгъут.

Уэзрысыр хъыринэт, -
УщІиупскІэрти гъащІэм нэхъ ину,
ЩхьэгъэунаэЗ насып ущыгугът.

Насып илъкъым хъыринэм, -
Уащыхихьэкіи жыг щхьэ баринэм,
Уафэм нэскІэрэ лъагэ умыхъу...

Егъэхьпэ кІэкъинэр...
Псэ уІэгъэу гъыринэ,
МызыгъуэгукІэ умыгъ...

* * *

КхъыІэ, щІыкІэ сумыкІ...
Зэгуэр унгу къызэбгъэ хъумэ,
Си псэ щІанэу схуэмыхъумэм
Къамэ папщІэкІэ къепыдж.

Ухуейм, гущхьэр зэгуегъэч
Губжькіэ къэбутІыпщ фочышэм.
Ауэ, гъуэгу щтыригъу сытепшэу,
КхъыІэ, щІыкІэ сумыкІ.

* * *

Іэгуфэр щІисыкІауэ ныпхуэсхь дыгъэм
Ухуэгунэфу ухосыхь кІыфІыгъэм.
КІыфІыгъэм уесэжащи, уэ умыщІэ
ПщІыхь зэмыфэгъукІэ гъащІэр
зэхэзыщІэр.

Уэ ущыпсэум жьы уаехэр щохъущІэ,
Пшагъуэбэр бгыщхьэ лъагэхэм щохыщІэ.
Хъурейуэ кьитІыхьауэ уафэ джабэм
Нур къызыпихым уэ умыгъэхуабэ.

Іэгуфэр щІисыкІауэ ныпхуэсхь дыгъэр
Сэ тыншу къэзгъэтауэ умыгугъэ, -
ЩІэстащ абы нужьрей си гугъэр...
СиІэжкъым гугъи... уэркІи лейщ
си дыгъэр.

* * *

ЩІы фІыщІэм уафэ щІэгъэпщкІуакъым,
Псы щІагъым пщІащхъуэхэр щемыс...
Сыныщыпшэлъэм - укъэкІуакъым,
Ухуэныкъуакъым си нэмыс.

Псым игъэзэжу дэжеякъым,
Уэ ныпхуихьажу си насып...
Зигъэгъуами, хэжеякъым
Къыспэпхъэу щытыр си бжэ щІыб.

Уэракъым си пкъыр къэзыгъафэр,
Уи псалъи си псэм нэмыІус...
ЩІыр нумытІых, улъхьхъуэу уафэ,
Псым щІащхъуэ уещэу уІумыс.

* * *

Мы дунеишхуэм щызэущэхур
МазэщІэ щІыкІум и нэгу щІокІ -
Си Іэдинхум пхунгъэнхэу
Шыхулъагъуэ гъуэгур зэпыбоч.

Къэмыхъуа фІыгъуэу згъафІэ щэхум
Щиху щабэрыкІуэр сфІыщІодэІу...
Къыпхуихьумэну уи псэ нэхур
Нэху щыхукІэ Тхьэшхуэм сыпхуолъэІу!

* * *

Дуней псор щІэспщытыкІащ,
Уэзгъэщхьын къэслъхьуэу,
КъуакІэбгъыкІи сыдэкІащ,
Жэщ гъуэхсэх къыстехъуэу.

Уэри щІыри къэзгъэзащ,
Нэху гугъусыгъу къыстещхьэу,
Зэм къуэкІыпІэмкІэ згъэзащ,
Зэм къухьэпІэ бгыщхьэм.

Сыдэжейри - зысплъэхьащ,
Сыкъехьыжри - згъуэткъым...
Теплъэ закъуэ уэзгъэщхьащ,
Ауэ уи псэр хэткъым...

Гъуэгущхьыблыр зэпычащ,
Хым сыкІуащ... щымыхъум,
«Умылъхъуэ!» - къызжиІащ
Мазэм ит мэлыхъуэм.

* * *

Сэракъым уи нагъуэр,
Сэракъым уи мыгъуэр...
Сэ си нэхэр нащхъуэщ,
Си щхьэцри щхьэцыгъуэщ.

Сэ стетщ нэщхъеифэ, -
Ерагъкіэ согуфІэ,
Си гущІэм илъ Іэфіыр
Псэ щІагъ щІызоуфэ.

Уэ пфІэфІщ къамылыфэ,
И интІыр вындыфэу,
Къыпхунтіу дзэлыфэр,
Уи пшынэм къыдэфэу.

Сэ си нэхэр нащхъуэщ,
Си щхьэцри щхьэцыгъуэщ...
Уи пшынэм и гъуагъуэр
Щхьэ хъуа къыскІэлъыпхъуэ?!

* * *

Дыгъэри си бийрэ
Сысабий гъыринэу
Гъуэгу сытоувэж...

Выбжьэм ер къикІарэ
Губжькіэ «сыбукІауэ»,
Бгым сыкІэрохьэж.

Мы дэкІыгъуэ задэм
СыкІэрымыкІуадэм,
Джэгу къызащІэкІынт.

ГъащІэ псыхэкІуадэм
Уэ ухуэмыкІуатэм,
Дыкъыздэуджынт...

СыкъызэмыплъэкІыу
Бгыщхьэм сэ сыдокІыр...
Укъызэмыджэж!

Гущхьэр зэгуэщІыкІыу,
СыбгъэщІа гущыкІыр
Уэ уи джэрпэджэжщ.

* * *

Уи зы щхьэцыпэри сэ си нэІуасэрэ
Сыплъэмыдэсу укъитгъэщІащ.
Си гъащІэ Іыхьэм уридыгъуасэурэ
Пщэдей уэрыншэ натІэ схунщІащ.

Къэмысын ґъатхэр псэкІэ къэзгъэсурэ
Къэса си бжьыхьэри сутІыпщыжащ.
УзимыІэным сэ зыхуезгъасэурэ
Езы псэуКІэри сщыгъупщэжащ.

* * *

... Апхуэдэу уэрэ сэрэ дызэщІыгъумэ,
Уи баш хьэншакъри сыт зэрыпщІыжынур?..

«Си анэм деж». ***Мыкъуэжь Анатолэ***

Баш нэхъ ямыІэу щІэгъэкъуэн,
Къагъанэм быным адэ-анэр,
Сыт ищІысыж мы щІыр итІанэ,
ЩІыху гъащІэр сытым и пэрмэн?

Къыплъамыгъэсми я губгъэн,
КъыпхуамыщІыфми гукъанэ,
Къоху псэкІэ ныхьэу адэ-анэр,
Къыбдалъэгъуамэ ягу щІыхьэн...

НыбжьыщІэ, махуэу гъуэгу техьэн,
УмыщІ я гъащІэр псыхэкІуадэ,
Къытебнэу щІылъэм анэ-адэр,
Баш нэхъ ямыІэу щІэгъэкъуэн!..

Псалъэ жагъуэ

Балладэ

УсакІуэр хуэзыкІынщ псалъэ жагъуэм,
Ар ящІэ пэтрэ хуащІыркъым гущІэгъу.
Мыкъуэжь Анатолэ

Гъубжокъуэ Лиуан и фэеплъу

Зэрихабзэщ дунеймн,
Махуэр жэщым хуэкІуат,
Зы усакІуэм, хуэмеймн,
Псэхэх гуэр къыхуэкІуат.
ФІыщІэ защІэу хуэпауэ
И бжэщхьэІу еБэкъуат.
Щыст усакІуэр жеяуэ,
Блыным щхьэр егъэкъуат.

Лъэ макъ гуэр щызэхихым,
Щэхуу и фэр пыкІат.
И нэгу щиплъэм псэхэхым,
Зэуэ мыр къыжьэдэкІат:

- Адакъэшым къепсыхи,
Моуэ зэкІэ къэтІыс...

Сурэтхэр **Пащты Герман** *ищІащ.*

Мы зы усэр, схуэдзыхи,
СынольэІу, нэзгъэтхыс...

Ар имыдэу псэхэхым,
Хуэму щхьэр егъэсыс.
КъыщІэныным ныкъуэтхыу
Усэр зейр щІогупсыс.

- Сыт-тІэ сэ пхуэсщІэжынур? -
Уэ уи пІалъэр къэсащ,
Уи псэр хьэршым схьыжыну
Сэ уи деж сыкъэсащ.

Ауэ... дауэ сыхъуну?
ИкъукІэ щІэщхъу къысщыщІащ. -
Шэмэдж уи псэр зыхьынур
Уафэ лъащІэм кьизнащ...

Ар щыжиІэм псэхэхым,
Ди усакІуэр къэскІащ,
Мис абдеж жэщ гъуэхсэхым
Зы шейтІан кхыхэкІащ.

- УсакІуэпсэр хэпхынум,
Сэ уэстынщ зы чанджэщ.
КъыщІэдэІуи бжесІэнум,
Хъунщ уи Іуэхур зэпэщ:
УсакІуэпсэр хэпхынум,
Іэщэ-фащэ умыщІ.
УсакІуэпсэр хэпхынум,
Псалъэ жагъуэ еутІыпщ! -

Нэмэзыбзэу ар кьибжри,
ШейтІан фІыщІэр бзэхащ,
Псэхэхыжь къэгуфІэжри,
Псалъэ жагъуэр идзащ.

Лъатэщ ар шэ щІывауи,
УсакІуэгум пхыкІащ,
НитІым нэпс щІэувауи
УсакІуэпсэр хэкІащ.

* * *

Уэ кьоджэм ищІэркъым, си усэ,
Сэ жэщмыжейр зэрызгъэхъар,
Уэздыгъэм щІыгъуу си псэр згъэсу,
И сахуэр уэ зэрыпхэпсъар.

Уэ кьоджэм ищІэркъым, си усэ,
Сэ махуэ кІыхьыр зэрысхьар,
Зы псалъэм псалъэ кІэлъызгъэсу
Псэ нальэкІэ зэрыспсыхьар.

Уэ кьоджэр хэтмн, си усэ,
Лъыгъэс хуабагъэу ныпхэслъхьар...
Къыптеплъэ хъумэ си псэгъуэр,
СхужеІэ фІыуэ зэрысльэгъуар!

Тхьэм укъихъумэ, си адыгэ!

Шы щІахуІэ нобэ уэ утесщ...
Тхьэм укъихъумэ, си Адыгэ!
Уи шыбгым сфІощІ тебзау алътес -
Укъехуэхынкіэ сегъэдзыхэ.

Тхыдэжь и мафІэм ноби уес...
Тхьэм укъихъумэ, си Адыгэ!
ЩІыпхэмытыжкІэ зекІуэлІ ес,
Нэмыс хэлъыжу зы нэрыбгэ

УщимыІэжкІэ, дэнэ нэс
Уэ укІуэфыну, уису шыбгым,
УкІуэщІрыкІыу лыгъей мэз,
Ущхьэпрыкіыу Жьыгъэнбгым,

Уи шыльэр мыхъуу лъыкІэ-лъыпс,
Уи ужькіэ кьинэу щІэблэ-дыгъэ?
... Сыхъуху гусыс, сыщІогупсыс.
Тхьэм укъихъумэ, си Адыгэ!

Сэ щІыхуу сыкъэнэнущ!

Сэ щІыхуу сыкъэнэнущ
Си фащэкІи, си щэнкІи,
Гуращэ зэІущэнкІи...
Сэ щІыхуу сыкъэнэнущ.

Щыхугъэр щысхъумэнущ,
ШІэ-псалъэ къызаутІыпщми,
Дунейр зыкъутэ губжьми
Щыхугъэр щысхъумэнущ.

СрещІ теІущІыкІыпІэ, -
Арщ къыхуэнэжыр и пІэ
Имыізэгъэж жагъуэгъум...
СрещІ теІущІыкІыпІэ.

Сэ щІыхуу сыкъэнэнущ,
ПщэдджьжькІэ къыщІэкІ дыгъэм
Пэджэжу псэ нэхугъэр...
Сэ щІыхуу сыкъэнэнущ!

Хьэлэмэтщ

Пасэрей адыгэ сынхэр

Пасэрей адыгэхэм я тхыдэм нобэ нэхъыбэу дыззэрыщыгъуаззэр грек (алыдж) тхакІуэхэм, гъуэгурыкІуэхэм, къулыкъущІэхэм, сатуущІэхэм къызэранэкІа тхыгъэ кІапэлъапэхэмкІэщ; мы-хьэнэшхуэ яІэщ щІы щІагъым къыщагъуэтыж хьэпшыпхэми. А псом къызэрагъуэтэжьмкІэ, пасэрей адыгэ лъэпкъхэм ящыщ зыр - синдкІэ зэджэу щытам - къэралыгъуэ яухуэгъащ. Синдикэ - арат а пасэрей адыгэ къэралыгъуэм зэреджэр. Абы езым и щхьэ унафэ ищІыжу щытащ илъэс 200-м нэблагъэкІэ (ди эрэм и пэкІэ V - IV лІэщІыгъуэхэм); иужьым хуэм-хуэмурэ Боспор къэралыгъуэжьым хэшыпсыхьыжыгъащ.

ТХЫДЭР щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, синдхэм зыужьыныгъэшхуэ ягъуэтауэ, щэнхабзэшхуэ ябгъэдэлъу щытащ. (Грециием гъавзу кІищэхум и нэхъыбэр адыгэ щІыналъэм иришырт); синд кхъухьхэр тенджызы зыбжанэм щыізэкІуэрт, синдхэм я къэрал лІыкІуэхэм гъуэгуанэ кІыхь зэпачыфырт, я псалъэ жьыкъэ щыпхагъэкІырт.

Апхуэдэ къару зыбгъэдэлъа къэралым - Синдикэм - щэнхабзэ хьэлэмэт иІэу зэрыщытам шэч къыщІепхьэн щыІэкъым. Абы щыхьэт тохъуэ пасэрей Синдикэм и щІыналъэм къыщагъуэтыж скульптурэ сурэтхэр.

Абыхэм ящыщ зы пасэрей Фанагорием (Тэманымкіэ теса къалэжьым) и Іэшэлъашэм 1961 гъэм къыщагъуэтыгъащ. ЗанщІэу гу лъыботэ ар зыбжанэ щІауэ цІэрыІуэ боспор скульптурэхэм къаззрыщхьэщыкІым. Зи гугъу тщІыхэр къззыгъуэта трактористым зэрыжиІэмкІэ, ар Іуащхьэ лъахъшэ гуэрым ибгъукІэ щІы щІагъым щІэпъащ. Скульптурэм удныншхуэ игъуэтат, и щхьэр пыудат (ар щхьэхуэу щылт), и плІэ лъэныкъуэр гуэхуат, и нэкІыри мащІэу тетхъунщыкІат.

Сыт хуэдиз удын игъуэтами, скульптурэм и теплъэ нэхъыщхьэр фІэкІуэдакъым, и шыфэлІыфэкІэ нэгъуэщІым хэгъуащэрэкъым. Сыныр, щэч хэмылъу, Іуащхьэм тетащ: кхъзэрахутамкІэ, ар зытета Іуащхьэм и ныбжьыр синдхэм я зэманым тохуэ.

Скульптурэм метррэ сантиметр 15-рэ и лъагагъщ, и Іувагъыр сантиметр 18-щ. Зи фэеплъыр щы-хухъуащ (абы и Іэпкълъэпкъыр уолъагъу, и шхужьым нэс), къэптал Іэщхьэ кІыхь щыгъщ, и плІэм щІакІуэ идзащ, пыІэ лъагэ щхьэрыгъщ, пыІэм щхьэц лъагуэр къыщІоц, тхьэкІумэмрэ натІэмрэ щІуфэу. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкІэ, сныныр зи фэеплъыр цІыху хэкІуэтащ: жьакІэ мащІэ тетщ, и пащІэкІитІыр жьакІэм хохьэж; нэкІу хъурейщ, и жьэпкъыр къыхощ, нэщІащэ куум нэ хъуреитІыр кхоплъ; плІэ задэщ, и бгъэр къикІыркъым, пщэ кІэщІц. И шхужь сэмэгум шабзэ тыболъагъуэ. Сныныр зыщІар нэхъ зэгугъуар нэкІурщ - нэ жанкІэ къыпІуоплъэ, къопсэлъэныкъ хуэдэу: шэч хэмылъу, ар щхьэ закъуэ сурэтщ, цІыху цІэрыІуэ з гуэрым тращІыкІауэ. Скульптурэм и теплъэ псор - и нэкІур, пыІэр, къэпталлыр, шабзэр - щІыхьэт тохъуэ ар зи сурэтыр зэрымылальджым, атІэ зэрысиндым. Абы шэч къытрахьэрхъым зи гугъу тщІы сыным тетхыхьахэм, псалъэм папщІэ, Сокольский Н. И. (еплъ абы и «Синд скульптурэхэм я Іуэхукіэ» тхыгъэм (зэрытыр «ЩІэныгъэ» тхылъ тедзапІэм 1966 гъэм къыщыдэкІа «Пасэрей дунейм и щэнхабзэ» сборникырщ).

Дызытепсэльыхьа сыныр здита щІыпІэм (иджырей Сенная поселкэм пэмыжьжьэу) нэхъапэхэми къыщагъуэтыгъащ сыт и лъэныкъуэкІи мобы и благъэ нэгъуэщІ зы скульптури. Ари зауэлІым зэрисурэтыр бэнщ: и плІэм щІакІуэ идзащ, щІакІуэ щІагъым афэ джанэ щІэлъщ; Іэ сэмэгум шабзэшэрэ шабзалъэрэ Іэщ Іэлъщ, ижьырабгъу шхужьым джатэ тыболъагъуэ. СынитІри зэщхьщ, зи фэеплъыр зэрыпасэрей адыгэм шэч хэлъкъым - абы и шыхьэтщ, псалъэм папщІэ, сынхэм тет Іэщэфащэ сурэтхэр.

1959 гъэми а щІыпІэ дыдэм (пасэрей Фанагорием и Іэшэлъашэм) къыщагъуэтыгъащ мывэ сэхум къыхэщІыкІа скульптурэ. Гу зэрылъытэгъуафІэщи, ари модрей тІур зи Іэдакъэщ Іэкі лъэпкъым и Іэужьщ. Зи гугъу тщІы синищым тетхыхьахэм шэч къытрахьэркъым, япэрауэ, ахэр зи сурэтыр зэрысиндым, етІуанэрауэ, а скульптурэхэр мывэм къыхэзыщІыкІар Тэманымкіэ теса синд хуэдэ щыкІуэ зэрыщытым.

Пасэрей адыгэ къэралым - Синдикэм - и щІыналъэм къыщагъуэта скульптурэхэр, зэрыхуагъэфащэмкІэ, къхащхьэдэсу щытащ: цІыху цІэрыІуэхэм я кхъащхьэм щІэзэратхъуэ Іуащхьэхэм я щыгум тетащ; я щІыфэм къытена тхыгъэ кІапэхэми кхьижкІэ ахэр кхъащхьэдэсэ пэлъытэу зэрыщытар. Сынхэр, къанэ щымыІэу, къызыхэщІыкІар щІыпІэм къыщыщІах мывэщ.

ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, апхуэдэ скульптурэхэр синдхэм япэщІыкІэ алыдж мастерхэм пщІэкІэ ирагъэщІу щытащ; иужьым езы синдхэм сурэтыщІ Іэзэхэр къахкІыу щІедзэ, хуэм-хуэмури бжьыпэр яубыд, езыхэм я лъэпкъ псэуКІэмрэ гупсысэкІэмрэ зи лъабжьэ гъуэздж къызэрагъэпэщ. Тхыдэр щыхьэт тохъуэ а гъуэзджэм зыужьыныгъэшхуэ игъуэтауэ зэрыщытам. Шэч хэлъкъым абы пасэрей алыдж гъуэзджэм ижь къызэрыщІихуам; апхуэдабзэу, шэчыншэщ я пщІэр лъагэ зэрыхъуа лъэпкъ гъуэзджэ езы синдхэм я акъылым къызэрилэжьыфари. Абы и щыхьэт наІуэщ зи гугъу тщІа пасэрей адыгэ скульптурэхэр.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

● Дыщэкі Мухьэмэд къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу

Хузэфіэкіар мащіэкъым

Шэрджэс литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм ящыщ зыуэ зэрыщытым и мызакъуэу, зэчиишхуэрэ хьилмышхуэрэ зыбгъэдэлъ цІыхуу щытащ Дыщэкі Мухьэмэд. Жыгъуейщ икІи къэлъытэгъуейщ а лІы хъарзынэм ди лъэпкъым хуилэжьар, литературэмрэ щэнхабзэмрэ хэлъхьэныгъэу хуищІар, тхакІуэ, усакІуэ щІалэу игъасэу гъуэгу махуэ тригъэхьар.

ДЫЩЭКІ МУХЬЭМЭД Пщыкъан и къуэр 1902 гъэм Къэршей-Шэрджэсым хыхьэ ХьэтІохъущыкъуей (иджы Зеикъуэ) къуажэм къыщалъхуащ. ЩІалэ цІыкІум и акъылыфІагъымрэ ар набдзэгубдзапІьуэу, жану зэрыщытымрэ пасэу гу лъызыта и анэзнуэмрэ и адэ къуэшымрэ Мухьэмэд къуажэм пэщІадзэ еджапІэм ираташ. ИтІьэсищкІэ зыщІэса школыр фІы дыдэу къыухакИи, адэкІэ еджэну лъэкІыныгъэ имыІэу лэжьэн щІидзащ.

1917 гъэм и щІымахуэм Мухьэмэд и щІэныгъэм хигъэхъуэн мурадкІэ Тыркум кІуэри, 1924 гъэм и шыщхьэуІу мазэ хъуху щыІащ. Абы щыпсэу хэкІ адыгэхэр къыдэІэпыкъуэрэ щІэныгъэ хъарзынэ зыІэригъэхьащ .

1924 гъэм зи хэкум къэзыгъэзэжа щІалэм и щІыналъэри и хэкуэгъуэри къыхуэщІыхужьыртэкъым, властыщІэм зэхъуэкІыныгъэхуэр иригъэкІуэкІырт, школхэр, клубхэр, Іуэхущ1апІэ зэмылІэужьыгъуэзэр ищІырт, тхылъ тедзапІэхэр, еджапІэ нэхъыщхьэхэр къызэІуихырт. Дыщэкіри а лэжьыгъэ хъарзынэм дихьэхри, и къарурэ и щІэныгъэрэ къызэрихькІэ къэзылъхуа лъэпкъым, хэкум зыщІигъэкъуащ. Езым хуэдэу щІэныгъэ зиІэ адыгэ щІалэ гуп и гъусэу, абы и гуащІэшхуэ хилъхьащ япэ адыгэ газет лъэпкъым иІэнэм икіи ар къыдэкІыу хуежьа нэхъыкІэ илъэсиплкІэ абы и литературэ лэжьакІуэу щыІащ . 1931 - 1934 гъэхэм Кавказ Ищхьэрэпединститутым и аспирантэу щытащ. Ар къиуха нэхъыкІэ, Кавказ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым щыІэжьэн щІидзащ, абы къыдэкІуэри педрабфакым егъэджакІуэу щыІащ.

1935 гъэм бзэмрэ литературэмкІэ щрилъэджэну ар ягъэкІуащ Псыхуабэ дэт Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым. А илъэсхэм Мухьэмэд и къару псори ирихьэлІащ къызыхэкІа лъэпкъым и щІалэгъуалэр щІэныгъэм хэщэным.

Егъэджэнныгъэ, щІэныгъэ лэжьыгъэхэм къыдэкІуэу, Дыщэкіым тхэн, усэн Іуэхуми зэман къахуигъэтыфырт. И къалэмыпэм къыщІэкІхэр газетхэм къытрадзэрт. ИужькІэ абы «Комсомол уэрэд», «Сабийхэмрэ бийхэмрэ», «Алмэсты» фІэщыгъэм щІэту тхылъ щхьэхуэхэр къыдигъэкІащ. 1934 гъэм дунейм къытехьащ абы и Іэдакъэщ1экІ нэхъыщхьэу къалъытэ «Пшэплъ» романыр. «Пшэплъым» и етІуанэ Іыхьэри итхыну мурад иІа щхьэкІэ хунагъэсакъым, 1937 гъэм пцІы къытралъхьэри, илъэсихкІэ лъэхъэщым ирагъэсащ. 1943 гъэм, зауэм и гуащІэгъэуэу, къуаншагъэ зыбгъэдэмылъ, и лъэпкъым псэ хьелэлу хуэлажьэ тхакІуэ щІалэр нэхъапэм Тыркум зэрыщыІар щхьэусыгъуэ ящІри, и Іуэхур зэхагъэкІыну суд ямыщІэу яку1ащ.

Дыщэкі Мухьэмэд и творчествэр, псом хуэмыдэу «Пшэплъ» романыр, адыгэ прозэм и хэлъхьэныгъэшхуэщ.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

● Щапхъэ

Унагъуэ дахэ

Нартхъалэ щыпсэу Къумыкъухэ Артуррэ Иринэрэ я унагъуэращ мы сурэтым щыфІыгъар. Хъыджэбз цІыкІуиплІ - Амелие, Каролинэ, Эвелинэ, Изабеллэ - яІэщ зэщхьэгъусэхэм.

КЪЭРАЛ кІуэцІ къулыкъум и лейтенант нэхъыжь Къумыкъу Иринэ психологу, ар щолажьэ Урысей МВД-м и Аруан къудамэм. Артур хьэрычэтыщІу. Зэщхьэгъусэхэм я лэжьыгъэр тынШкъым, ауэ зэрызэгурыІуэм, пщІэ яку зэрыдэлъым, зэрызэдэІэпыкъуэ я Іуэхур ящегъэпсынщІэ.

КЪЭМБЭЧОКЪУЭ Данэ.

● Налшык

Фэеплъыр зэрагъэпэщыж

Налшык и курыт еджапІэ № 19-м дэт «Ла-5» истребитель-къхъухьлъатэр зэрагъэпэщыж.

ХЭКУ зауэшхуэм хахуагъэ ин щызезыхьа, Совет Союзым и ЛІыхъжь Байсултанов Алим зэрыса къхъухьлъатэр илъэс 50 ипэкІэ тыгъэ хуащІауэ щытащ нобэ абы и цІэр зезыхьэ курыт школым. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, апхуэдизэ ильэскІэ зэрыплэжьа къхъухьлъатэр жьы хъащ. Иджы ар зыхуэй щыхуагъэзэнущ Минеральные Воды кьалэм дэт авиапредприятэм. Мы жэрдэмкІ къыхилъхьащ «Эльбрусоид» жылагъуэ зэгухьэныгъэм.

- Къхъухьлъатэр къагъэщІэрэщІэжа иужь, ар зэрагъэувыжыну щыкІэм теухуа Іуэху еплъыкІэ щыІэщи, ахэм дыхопльэ. Дауэ мыхъуми, зауэшхуэм и фэеплъым хуэфащэ гульытэ игъуэтынущ. Ар щІэблэмкІэ ЛІыгъэмрэ хэкупсэ гъэсэныгъэмрэ я гъуэзэ нэсу къэнжьын хуейщ, -жиІащ мы Іуэхур къызэзыгъэпэща Анаев Марат.

Ремонт лэжьыгъэм текІуэдэну мылъкумкІэ къадэІэпыкъунущ «S7 Grойр» компанием и къудамэу Минеральные Воды кьалэм дэтыр. Абы авиатехникэ къыщІегъэкІ, жьы хъуа къхъухьлъатэхэр зэрегъэпэщыж. Іуэхур мазитІ пІалъэм зэфІахыну я мурадщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Футбол

Я щІэщыгъуэу щІадзэж

Зэрызагъэпсэхуа тхьэмахуитІым топ джэгуным хуэзэшауэ КъБР-м футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм хэт командхэм зэхьэзэхуэм и етІуанэ Іыхьэр щэбэт кІуам ирагъэжьащ.

ЗЭПЕУЭР щыщІадзэжьным псом хуэмыдэу щыпэлъэуэ къыщІэкІынущ Къэхъун къуажэм. Абы и «Кёрт» командэр убыдыгъуейт икІи «Бахъсэным» и гъуэм жэуапнышэу топи 8 хэгъэрейхэм дагъэкІащ.

Къэхъундэсхэм зы мащІэ дыдэкІэщ а махуэм къызэрыкІэрыхуар «Автозапчасть»-р. Зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыІыгъхэм топибл худагъэкІащ Хьэсэней и «Жулдуз»-м.

Адрей зэІущІэхэм хуабжьу ерыщу щызэпэщІэтащ. Шэджэмэ, Сэрмакъэ, Псыгуэнсуи хэгъэрейхэр щытекІуащ я хьэрхуэрэгъуэхэм нэхърэ зы топкІэ нэхъыбэ зэрыдагъэкІам и фІыгъэкІэ.

Куэд зыпэмыплъа бжьигъэ кърикІуащ «Бедик»-мрэ «ЛогоВАЗ»-мрэ я зэІущІэм. Иужьрей джэгуГъуэхэм хъарзынэу зыкъэзыгъэлъэгъуа аргудандэсхэр я губгъуэм щыхагъэхущ икІи медалхэм щІэбэнхэм зэкІэ къаухэкІын хуей хъущ.

ЗэхъуэкІныныгъэ мащІэхэр къыщыхъуащ турнир таблицэм и кІэух увыпІэхэм. Прохладнэ районым и командитІыр зэрытемыгъэкІуауэ зэрызэбгъадэкІыжам и фІыгъэкІэ иджы иужь дыдэу щытыр «Жулдуз»-ращ.

Гъэущхьауэхэм я зэпеуэри къызэщІэплъэ зэпытщ. Абы бжьыпэр щиІыгъщ «Кёрт»-м и пашэ Иуан Азрэт. Къэхъундэсым зы мащІэкІэ къыкІэрохуу «Автозапчасть»-м щыджэгу Хьэбылэ Алим.

Адэкіэ щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм и етІуанэ къекІуэкІыгъуэм и пэщІадзэ зэІущІэхэм къарикІуа бжьигъэхэм. Мис ахэр: **«Кёрт»** (Къэхъун) - **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **8:0**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Жулдуз»** (Хьэсэней) - **7:0**, **«Къундетей»** (Шэджэм) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **2:1**, **«Союз»** (Сэрмакъ) - **«Псыкуэд»** (Псыкуэд) - **3:2**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Родник»** (Псынэдахэ) - **3:1**, **«Бедик»** (Аргудан) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **1:2**, **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **«ХьэтІохъущыкъуей»** (ХьэтІохъущыкъуей) - **4:3**, **«Велес-СДЮСШОР»** (Къэрэгъэшэ) - **«ГорИс-179 Прохладнэ»** (Прохладнэ) - **3:3**.

Дызыхэкіуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтыну къыкІэлъыкІуэ джэгуГъуэм щызэІущІэнущ «Велес-СДЮСШОР» - «Родник», «Автозапчасть» - «Союз», «Псыгуэнсу» - «ГорИс-179 Прохладнэ», «Нарт» - «ЛогоВАЗ», «Бедик» - «Бахъсэн», «Тэрч» - «Жулдуз», «Кёрт» - «Псыкуэд», «ХьэтІохъущыкъуей» - «Къундетей» командэхэр.

ХЬЭТАУ Исльам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	**«Автозапчасть»**	16	14	2	0	89-8	44
2.	**«Тэрч»**	16	13	0	3	42-12	39
3.	**«Союз»**	16	10	3	3	58-32	33
4.	«Бедик»	16	10	2	4	33-17	32
5.	«Псыгуэнсу»	15	9	3	3	38-24	30
6.	«Кёрт»	16	8	4	4	47-27	28
7.	«ЛогоВАЗ»	16	8	2	6	36-28	26
8.	«Псыкуэд»	16	6	5	5	35-35	23
9.	«Велес-СДЮСШОР»	16	6	4	6	33-32	22
10.	«Нарт»	16	6	3	7	35-31	21
11.	«Къундетей»	16	5	2	9	27-43	17
12.	«ХьэтІохъущыкъуей»	16	4	2	10	24-45	14
13.	«Родник»	16	3	4	9	26-52	13
14.	**«Бахъсэн»**	16	2	1	13	18-67	7
15.	**«ГорИс-179»**	15	0	5	10	16-61	5
16.	**«Жулдуз»**	16	0	4	12	18-61	4

«Спартак-Налшыкым» къыпэщылъ зэІущІэхэр

***Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ищэ» гупым 2017-2018 гъэхэм щекІуэкІыну зэхьэзэхуэмрэ къэралым и кубокым ехьэлІа зэпеуэмрэ командхэр щыджэгуну махуэхэр яубыдыхуащ. «Спартак-Налшыкым» я лъэхъэнэм къыпэщылъ зэІущІэхэм нобэ фыщыдогъэгъуэзэ:**

2017 гъэ

Ялп къекІуэкІыгъуэ

Ялп джэгуГъуэ

Бадзэуэгъуэм и 20

(махуэку)

«Кубань-2» (Краснодар) - «Спартак-Налшык»

Урысей Федерацэм и кубок. Финалым и 1/128-нэ Іыхьэ

Бадзэуэгъуэм и 24

(блыщхьэ)

«Спартак-Налшык» - «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ)

ЕтІуанэ джэгуГъуэ

Бадзэуэгъуэм и 28

(мэрем)

«Спартак-Налшык» - «Динамо-Ставрополь» (Ставрополь)

Ещанэ джэгуГъуэ

Шыщхьэ1ум (августым) и 4

(мэрем)

«Чайка» (Песчанокопское) - «Спартак-Налшык»

ЕплІанэ джэгуГъуэ

Шыщхьэ1ум и 12

(щэбэт)

«Спартак-Налшык» - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс)

Етхуанэ джэгуГъуэ

Шыщхьэ1ум и 19

(щэбэт)

«Легион-Динамо» (Мэхъэчкъалэ) - «Спартак-Налшык»

Еханэ джэгуГъуэ

Шыщхьэ1ум и 26

(щэбэт)

«Спартак-Налшык» - «Спартак-Владикавказ»

Ебланэ джэгуГъуэ

ФокІадэм (сентябрым) и 2

(щэбэт)

«Ангушт» (Нэзрэн) - «Спартак-Налшык»

Еянэ джэгуГъуэ

ФокІадэм и 9

(щэбэт)

«Черноморец» (Новороссийск) - «Спартак-Налшык»

Ебгъуанэ джэгуГъуэ

ФокІадэм и 16

(щэбэт)

«Спартак-Налшык» - «СКА Ростов-на-Дону» (Дон Іус Ростов)

Ещ1анэ джэгуГъуэ

ФокІадэм и 23

(щэбэт)

«Краснодар-2» (Краснодар) - «Спартак-Налшык»

Ещ1ыкІуэнэ джэгуГъуэ

ФокІадэм и 30

(щэбэт)

«Спартак-Налшык» - «Дружба» (Мейкъуапэ)

Ещ1ыкІутІанэ джэгуГъуэ

Жэпуэгъуэм (октябрым) и 7

(щэбэт)

«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Спартак-Налшык»

Ещ1ыкІущанэ джэгуГъуэ

Жэпуэгъуэм и11

(бэрэжьей)

«Спартак-Налшык» - «Анжи-2» (Мэхъачкъалэ)

Ещ1ыкІуІлІанэ джэгуГъуэ

Жэпуэгъуэм и 15

(тхьэмахуэ)

«ІэфІыпс» (Іэфіыпс) - «Спартак-Налшык»

Ещ1ыкІутхуанэ джэгуГъуэ

Жэпуэгъуэм и 21

(щэбэт)

«Спартак-Налшык» - «Ротор-2» (Волгоград)

Ещ1ыкІуханэ джэгуГъуэ

Жэпуэгъуэм и 28

(щэбэт)

«Армавир» (Армавир) - «Спартак-Налшык»

Ещ1ыкІубланэ джэгуГъуэ

ЩэкІуэгъуэм (ноябрым) и 4

(щэбэт)

«Спартак-Налшык» - «Академия футбола им.В.Понедельника» ФК (Дон Іус Ростов)

ЕтІуанэ къекІуэкІыгъуэ

Ещ1ыкІуиянэ джэгуГъуэ

ЩэкІуэгъуэм и 8

(бэрэжьей)

«Динамо Ставрополь» - «Спартак-Налшык»

Ещ1ыкІубгъуанэ джэгуГъуэ

ЩэкІуэгъуэм и 12

(тхьэмахуэ)

«Спартак-Налшык» - «Чайка»

ЕтІощІанэ джэгуГъуэ

ЩэкІуэгъуэм и 18

(щэбэт)

«Биолог-Новокубанск» - «Спартак-Налшык»

2018 гъэ

ТІощІрэ езанэ джэгуГъуэ

Гъатхэпэм (мартым) и 10

(щэбэт)

«Спартак-Налшык» - «Легион-Динамо»

ТІощІрэ етІуанэ джэгуГъуэ

Гъатхэпэм и 17

(щэбэт)

«Спартак-Владикавказ» - «Спартак-Налшык»

ТІощІрэ ещанэ джэгуГъуэ

Гъатхэпэм и 24

(щэбэт)

«Спартак-Налшык» - «Ангушт»

ТІощІрэ еплІанэ джэгуГъуэ

Гъатхэпэм и 31

(щэбэт)

«Спартак-Налшык» - «Черноморец»

ТІощІрэ етхуанэ джэгуГъуэ

Мэлыжьыхьым (апрелым) и 4

(бэрэжьей)

«СКА Ростов-на-Дону» - «Спартак-Налшык»

ТІощІрэ еханэ джэгуГъуэ

Мэлыжьыхьым и 8

(тхьэмахуэ)

«Спартак-Налшык» - «Краснодар-2»

ТІощІрэ еблІанэ джэгуГъуэ

Мэлыжьыхьым и 14

(щэбэт)

«Дружба» - «Спартак-Налшык»

ТІощІрэ еянэ джэгуГъуэ

Мэлыжьыхьым и 21

(щэбэт)

«Спартак-Налшык» - «Мэшыкъуэ-КМВ»

ТІощІрэ ебгъуанэ джэгуГъуэ

Мэлыжьыхьым и 28

(щэбэт)

«Анжи-2» - «Спартак-Налшык»

ЕщэщІанэ джэгуГъуэ

Накъыгъэм (маймм) и 4

(мэрем)

«Спартак-Налшык» - «ІэфІыпс»

ЩэщІрэ езанэ джэгуГъуэ

Накъыгъэм и 11

(мэрем)

«Ротор-2» - «Спартак-Налшык»

ЩэщІрэ етІуанэ джэгуГъуэ

Накъыгъэм и 16

(бэрэжьей)

«Спартак-Налшык» - «Армавир»

ЩэщІрэ ещанэ джэгуГъуэ

Накъыгъэм и 20

(тхьэмахуэ)

«Академия футбола им. В. Понедельника» ФК - «Спартак-Налшык»

ЩэщІрэ еплІанэ джэгуГъуэ

Накъыгъэм и 27

(тхьэмахуэ)

«Спартак-Налшык» - «Кубань-2»

● Зэуэкіэ гъуазджэ

Зы Іэмали ирамыту

ЩІэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэту Дзэлыкъуэ районым щыІэ центрым и гъэсэнхэу Мэшыкъуэ Зурабрэ Щоджэн Юрэрэ ехьэлІэныгъэшхуэ щаІащ иджыблагъэ Домбай щекІуэкІа Зэуэкіэ гъуазджэмкІэ дунейпсо фестивалым.

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭСЫМ и щыпІэ нэхъ дахэхэм ящыщ зым щызэхуэсат США-м, Тыркум, Тунисым, Къзазахстаным, Азербайджаным, Урысей Федерацэм и щыпІэ куэдым икІа бэнакІуэ лъэщ 300-м щІигъу. Абыхэм хуабжьу удэзыхьэх зэпэщІэтыныгъэ къагъэлъэгуащ.

Мэшыкъуэ Зураб и хьэрхуэрэгъу псоми ефІэкІри лІэужьыгъуитІым щытекІуащ. Щоджэн Юрэ зым дыщэ медалыр кьыщихащ. Хьэлэмэтращи, ди щІалэхэм я ефІэкІныныгъэр апхуэдизкІэ льагэти, кьебэнахэм зы очкои ирагъэхьакъым.

Щоджэн Юрэрэ Мэшыкъуэ Зурабрэ егъасэ бэнэкІэ хуитымрэ алыдж-урым бэнэкІэмкІэ СССР-м спортымкІэ и мастер ЛъэнкІэпІашэ Хьусен.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

● Дзюдо

Дунейпсо зэпеуэм макІуэ

Мудрэн Беслъэн Олимп чемпион зэрыхъурэ иджы ляпэ утыку къихьэнущ - ар хэтынущ Мэжэрым (Венгриием) щекІуэкІыну дзюдомкІэ дунейпсо чемпионатым.

УРЫСЕЙ Федерацэм дзюдомкІэ и генеральнэ менеджер Гамбэ Эцио хэІущІыІу ищІащ щыщхьэуІум и 28-м Будапешт щыщІэзыдзэну дунейпсо чемпионатым ди къэралым щыщу кІуэнухэр. Килограмм 60-м нэс зи хьэпъаучэ я зэпеуэм хэтынущ нэгъабэ Бразилием щекІуэкІа Олимп джэгухэм щытекІуа Мудрэн Беслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ нэгъуэщІ зы щІали Мэжэрым кІуэнущ. Килограмми 100-м нэс зи хьэпъаучэм я деж дунейпсо чемпионыгъэм щыщІэбэныныщ Занкишиев Къазбэч.

ТЕМЫР Дисанэ.

● Адыгэ джэгуакІуэхэр

Агъонокъуэ Лашэ (1851-1918)



Щауэжь Елмырзэ (1898-1971)

Сыжажэ Кьылышкьуэ (1863-1945)

● Къалъыхъуэ

Хъыбар гуэр фщІэуэ пІэрэ?

Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм и къудамэм къеІулъхъуэ УФ-м и Уголовнэ кодексым и 4-нэ Іыхьэм къыщыхьа щІэпхъаджагъэр (іэпщІагъэ) илэжьауэ шэч зыхуащІ ЛІыгъур Ларисэ Заурбэч и пхъур,1965 гъэм къалъхуар.

ЛІыгъур Ларисэ Заурбэч и пхъум и хэщІапІэм теухуауэ хъыбар гуэр фщІэмэ, дыныволъэІу фыкъэпсэлъэну мы телефонхэмкІэ: (8662) 49-46-02, 74-07-33, 02 е фпэгъунэгъу полицэм и къудамэм.

КъБР-м Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ щыІэ министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.



Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ ЗэщІэуэзда Къаурухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Налшык къалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм гущІыхьэ щыхъуауэ хъыбар фегъащІэ дзэ кІулыкъум и ветеран, япэ рангым и капитан **Биту Нартщу Ахьмэд и къуэр** зэрыІламкІэ икІи дунейм ехьжьам и Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьаншокъуэ Эльэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыдкэ Заминэ, Хьэжьыкъарэ Алик, ЩхьэщэмышцІ Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ пщэ дэлъыщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *редактору* **Жылаэ Заурбэч,** *корректорхэу* **ЩхьэщэмышцІ Иэз** *(3, 4-нэ нап.),* **НэужьокъуэУ Заирэ** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр яущащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.455 ● Заказ №906